



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON OPERASYON KAT (4) SIT
VAKSINASYON AN MAS NAN KAD REDIKSYON ALECHÈL KONTINI K AP FÈT LA**

Sit ki nan Conference and Event Center Niagara Falls, Plattsburgh International Airport, SUNY Polytechnic Institute - Utica, ak Jones Beach yo pwograme pou sispann operasyon yo nan dat 19 jiyè

Sit ki nan Pak Ekspozisyon Eta New York la ap delokalize nan dat mèkredi 14 jiyè

Eta pou Kontinye Konsantre sou Kominote ki gen To Vaksinasyon Ba, Fè Patenarya avèk Depatman Sante Lokal yo, Founisè ak Lidè Kominotè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gen kat (4) sit vaksinasyon an mas ki pral sispann operasyon yo nan kad [rediksyon alechèl](#) k ap fèt la, sa a ap pèmèt Eta a konsantre sou jefò vaksinasyon lokalize yo. Nan kad rediksyon alechèl ki te suiv reyalizasyon etap enpòtan ki te pèmèt Eta a leve restriksyon COVID-19 yo, sit ki nan Conference and Event Center Niagara Falls, Plattsburgh International Airport, SUNY Polytechnic Institute - Utica, ak Jones Beach yo pral sispann operasyon yo apre vaksinasyon k ap fèt nan dat vandredi 19 jiyè a. Anplisdesa, Gouvènè a te anonse sit vaksinasyon an mas ki nan Pak Ekspozisyon Eta New York la pral deplase soti nan Sant Ekspozisyon pou ale nan Arts & Home Center, apati Mèkredi 14 Jiyè.

Pandan semèn ak mwa yo, yon kantite sit anplis pral demobilize nan kad rediksyon estratejik ki baze sou demann, rapwochman ak lòt sit vaksinasyon yo, ak lòt jefò ki konsantre sou zòn yo. Tranzisyon an reflekte plan Eta a pou li konsantre resous yo nan zòn kote to vaksinasyon an pi ba pase mwayèn lan nan tout Eta a gras ak kolaborasyon avèk aktè lokal yo, manm kominote yo ak patnè yo.

Gouvènè Cuomo te deklare, "Pandan efò vaksinasyon nou yo ap kontinye toupatou nan eta a, n ap kontinye vize kominote ki gen pousantaj vaksinasyon ki pi ba yo epi itilize tout zouti ki a dispozisyon nou pou rann vaksen an aksesib pou chak grenn Nouyòkè." Konfòmman ak estrateji sa a, rediksyon gwo sit vaksinasyon nou yo ap kontinye jan sa te planifye a epi n ap deplase resous yo kote y ap plis bezwen yo, kidonk n ap ka bay plis moun vaksen nan bra epi defèt viris sa a yon fwa pou tout. "

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo kontinye itilize zouti [Am I Eligible](#) la pou yo pran randevou ak verifye si vaksen an disponib nan sit vaksinasyon an mas Eta a ap dirije yo. Tout sit ki louvri yo kontinye ap ofri vaksen san randevou pou tout moun ki elijib.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19 \(COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard\)](#) la disponib pou mete Nouyòkè yo okouran sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la epi li gen done sou vaksinasyon selon kòd postal. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou refilete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy dirèk yo ap voye plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)